


Anpeche Enfeksyon nan Kominote Nou an

Poukisa m dwe fè pitit mwen an vaksinen?

- Vaksen yo ede anpeche maladi grav tankou lawoujòl, varisèl, koklich, polyo, ak lòt ankò. Pandan gen pi plis moun ki gen maladi ke nou kapab anpeche ak vaksen yo, li vin plis enpòtan pou rete plis pwoteje toujou.
- **Ou plis an sekirite lè w pran vaksen an pase lè w trape maladi a**, pwiske li diminye risk pou pitit ou a entène lopital oswa pou l vin gen pwoblèm sante alontèm.

Kisa m dwe fè si pitit mwen an malad?

1. **Kenbe timoun nan lakay ou**, pa mennen li lekòl, nan gadri, ni nan swen an gwoup pou anpeche simaye maladi a.
2. **Kontwole sentòm li prezante yo epi kontakte yon pwofesyonèl swen sante** pou li kapab resevwa swen si sentòm yo ta vin pi mal.
3. **Fè etablisman swen an konnen si pitit ou a gen yon maladi ki enfektye**, pou lòt fanmi kapab pran prekosyon.
4. **Itilize medikaman yo jan yo preskri yo a epi fini tout tretman an.**
5. **Pitit ou a kapab retounen nan gadri a oswa nan swen an gwoup la touswit apre sentòm yo disparèt epi touswit li santi li mye.**



Vaksinasyon se yon mwayen ki san danje epi ki pwisan pou kenbe pitit ou a an sante ak nan gadri.



Chèche swen medikal imedyatman si pitit ou a gen:

- Difikilte pou l respire
- Lafyè ki wo oswa ki pèsiste
- Gwo doulè, vomisman, oswa dezidratasyon
- Anvi dòmi inabityèl oswa konfizyon

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

- Rele doktè pitit ou a si w gen kesyon konsènan lawoujòl oswa konsènan vaksen an.
- Rele Liy Sante Majistra a nan [617-534-5050](tel:617-534-5050) oswa [1-800-847-0710](tel:1-800-847-0710) (Nimewo gratis) si pitit ou a pa gen yon doktè oswa si w ta renmen yo ede w jwenn yon vaksen kont lawoujòl.
 - Se yon sèvis enfòmasyon sou sante ak referans ki gratis, ki konfidansyèl, e ki nan plizyè lang ki disponib pou tout moun kèlkeswa asirans oswa estati imigrasyon yo ta genyen.
- Ale sou [Boston.gov/Infectious-Diseases](https://www.boston.gov/infectious-diseases) pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou asire sekirite fanmi w ak sou [Boston.gov/Measles](https://www.boston.gov/measles) pou w jwenn plis enfòmasyon sou lawoujòl.

Anpeche Enfeksyon nan Kominote Nou an

Ki vaksen pitit mwen an dwe pran anvan li antre nan lekòl matènèl ak nan gadri?

- Pou yo kapab enskri nan gadri ak nan lekòl, Eta Lib Asosye Massachusetts yo egzije pou* timoun yo pran vaksen ki endike annapre yo pou anpeche yo simaye maladi enfektye yo:

Vaksen anvan Laj 2 Lane	Vaksen	Dòz 1	Dòz 2	Dòz 3	Dòz 4
	DTap	X	X	X	X
	Hib	X	X	X	X
	Polyo	X	X	X	
	Epatit B	X	X	X	
	MMR (Lawoujòl, Malmouton, Saranpyon)	X			
	Varisèl	X			

Vaksen anvan Laj 5 Lane	Vaksen	Dòz 1	Dòz 2	Dòz 3	Dòz 4	Dòz 5
	DTap/Tdap	X	X	X	X	X
	Hib	X	X	X	X	
	Polyo	X	X	X	X	
	Epatit B	X	X	X		
	MMR (Lawoujòl, Malmouton, Saranpyon)	X	X			
	Varisèl	X	X			

*Paran yo dwe bay dokiman si y ap mande yon egzansyon medikal oswa relijye pou pitit yo a.